**दिन–शनिवार** **दिनांक–03.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पी.एम.सी.एच पुनर्विकास योजना मे पहिल चरण मे बनल अस्पताल भवनक दू टावरक उद्घाटन कयलनि। उद्घाटन समारोहक अध्यक्षता स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कयलनि। एहि मौका पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको मंत्री, सांसद आओर विधायक सभ छलाह। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे ई भवन मे मरीज सभ लेल एक हजार एक सय सतरह बेड अछि। पहिल चरण मे पैंसठि आई.सी.यू आओर चौवालीस पोस्ट आई.सी.यूक. संगहि विशेष कक्ष सेहो अछि। एहि चरण मे दू हजार पाँच सय सत्ताईस बेड लगाओल जायत। एहि मे एक सय आठ करोड़क उपकरण, ओ.पी.डी. आओर इमर्जेंसी मे लगाओल गेल अछि। अस्पतालक तेसर टावर के अगिला सितम्बर मास आओर चारिम टावर के अगिला साल धरि शुरू कऽ देल जायत। ध्यातव्य अछि जे विश्वक दोसर सभ सँ पैघ अस्पताल बनयवला पी.एम.सी.एच. मे पाँच हजार चारि सय बासठि बेडवला नव भवनक तीन चरण मे बनाओल जायत। एहि पर पाँच हजार चारि सय साठि करोड़ टाका खर्च होयत।

---

प्रदेशक मुख्य सचिव अमृत लाल मीणा विधानसभा चुनाव सँ जुड़ल सभ तैयारी जुलाई मास धरि पूरा करबाक लेल जनौलनि अछि। ओ मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी, पुलिस महानिदेशक आओर विभागीय प्रमुख सचिवक संग बैसार मे जनौलनि जे चुनाव सुचारू, शांतिपूर्ण आओर पारदर्शी ढंग सँ करेबाक व्यवस्था कयल जाय। चुनाव आयोग ई.वी.एम. मशीनक फर्स्ट लेवल चेकिंग शुरू कऽ देलक अछि जे तीस जून धरि पूरा कऽ लेल जायत। आयोग सभ मान्यता प्राप्त दलक प्रतिनिधि सभक सोझा मे ई.वी.एमक जाँच करबाक लेल जनौलनि अछि।

---

सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विणी वैष्णव आइ जनौलनि जे मीडिया आओर मनोरंजनक क्षेत्र मे भारत पूरा विश्वक नेतृत्व करबाक ताकत रखैत अछि। वेव्स शिखर सम्मेलनक मुम्बई मे मीडिया सँ गपशप करैत श्री वैष्णव जनौलनि जे सम्मेलनक बीच बढ़िया व्यापारिक गपशप भेल अछि। सरकार एहि के आओरो आगू बढ़ाबय चाहैत अछि। ओतहि, सूचना आ प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल. मुरूगन देशभरि मे भऽ रहल कम्यूनिटी रेडियोक काजक प्रशंसा कयलनि। ओ आइ वेव्स मे कम्यूनिटी रेडियो सम्मेलनक उद्घाटन सत्र के संबोधित कऽ रहल छलाह। श्री मुरूगन दसम राष्ट्रीय कम्युनिटी रेडियो पुरस्कार सेहो देलनि। बिहारक मयूर कला केन्द्रक रेडियो मयूर के थीमेटिक पुरस्कार श्रेणी मे टेक सखी कार्यक्रम मे पहिल पुरस्कार भेटल।

———————————————————————————

खेलो इंडिया यूथ गेम्सक काल्हि रंगारंग आ भव्य शुभारंभ होयत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर केन्द्रीय खेल मंत्री पटनाक कंकड़बागक पाटलिपुत्र खेल परिसर मे ई आयोजनक शुभारंभ करताह। चारि मई सँ शुरू भऽकऽ ई खेल पन्द्रह मई धरि चलत। उद्घाटन समारोह मे आकर्षक लेजर शो के संग कलाकार, स्कूली बच्चा आओर खेलाड़ी सभ मनमोहक प्रस्तुति देताह। आयोजकक रूप मे बिहार अपन विरासत, इतिहास आओर ज्ञान परम्परा के उद्घाटन समारोह मे देखाओत। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वीडियों संदेशक माध्यमे प्रतिभागी सभ के संबोधित करताह। बिहार राज्य खेल प्राधिकरणक महानिदेशक सह मुख्य कार्यकारी अधिकारी रविन्द्रन शंकरण आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे जनौलनि जे ई उद्घाटन समारोह ओलंपिक खेलक शुभारंभ जेहेन भव्य समारोह होयत। उद्घाटन समारोह मे प्रसिद्ध अभिनेता पंकज त्रिपाठी आओर लोक गायिका मैथिली ठाकुर अपन प्रस्तुति सँ श्रोता सभ के मंत्रमुग्ध करताह। कतेको सांस्कृतिक कार्यक्रमक झलक सेहो देखाओल जायत। ई खेल प्रतियोगिताक आयोजन बिहारक पटना, राजगीर, बेगूसराय, भागलपुर, आओर गया मे भ रहल अछि।

———————————————————————————

बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ राज्य मे राजनैतिक गतिविधि बढ़ि गेल अछि। केन्द्र सरकार दिस सँ जाति जनगणना करएबाक निर्णयक बाद एहि मे आओरो गति आयल अछि। राष्ट्रीय जनता दलक नेता आओर पूर्व उप मुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के चिट्ठी लिखि कऽ जनगणना तय सीमा मे संशोधन करबाक मांग कयलनि

अछि। ओ लोकसभा आओर विधानसभाक सीट के अगिला परिसीमनक बीच पिछड़ा वर्ग आओर अति पिछड़ा वर्ग हितक सुरक्षा करबाक मांग कयलनि अछि। राष्ट्रीय जनता दलक प्रवक्ता मनोज झा एहि लेल जनौलनि जे हुनक नेता एहि लेल चिंता जतौलनि अछि। ओतहि, भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर पूर्व केन्द्रीय मंत्री शहनवाज हुसैन जनौलनि जे जाति जनगणना पर राजदक राजनीति करबाक मुद्दा छिना गेल अछि। एहि लेल ओ एहि तरहक गप कऽ रहल छथि आओर चिट्ठी लिखि कऽ क्रेडिट लेबय चाहैत छथि। एम्हर, जनता दल युनाइटेडक पार्टी पदाधिकारीक बैसार आइ पटना मे भेल। एहि मे विधानसभा चुनावक तैयारी पर चर्चा कयल गेल। पार्टी प्रवक्ता नीरज कुमार जनौलनि जे बैसार मे बोधगया मे होयवला प्रशिक्षण कार्यशालाक चर्चा कयल गेल जे छओ आओर सात मई कऽ होयत।

———————————————————————

प्रदेश मे बारिशक गतिविधि मे कमि अयलाक संगहि अधिकतम तापमान बढ़ि रहल अछि। एहि बीच सैंतीस दशमलव एक डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग गोपालगंज राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक बीच राज्यक अधिकतम तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि। विभाग आइ राज्यक उत्तर–पश्चिम आओर दक्षिणी क्षेत्र मे किछु ठाम अन्हर–बिहारिक संग ठनका खसबाक चेतावनी जारी कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।